Ассаламу гӀалайкум!

# ГЪУДУЛЛЪИ

№-94
(9735)

2015 соналъул
18 декабрь

РУЗМАН

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

## ВЕТЕРАНАЗУЛ БАРКИ ВА НАСИХӀАТ



*Дагьал цересӀан къоязда «Гъудуллъи» газеталъул редакциялде бачӀараб Болъихъ росулъев захӀматалъул ветеран, нухмалъиялъулал хӀалтӀабазул рахъалъ кӀудияб хӀалбихьи бугев чи МуртазагӀали ГӀандаловасул кагътида хъвалеб буго:*

-Дир диналъул вац Камалудин, мун нилъер гӀагараб росдал бетӀерлъун вищун вугилан рагӀиндал, дун разилъун вукӀинчӀо. Щай гурого, мун хӀалтӀул дагьаб гурони хӀалбихьи гьечӀев ва гьитӀинав гӀолохъанчиясда гьеб бажариладаян ккун.

Дун гьеб рахъалъ мекъи вукӀин бичӀчӀинабуна дирго гьалмагъзабаз. Гьез бицана мун бажариги, сабруги, бичӀчӀиги бугев ва, бищунго аслияб, хъантӀиги чорхолъ гьечӀев чи вугилан. ХӀатта, гьез абуна дуца росдал гӀарцуда квер хъвазе гьечӀилан, гьелъул гӀаксалда, рес букӀадго дурго харжаздалъун гьариге бегьулин росдае ва мажгидалъе цо-цо хӀалтӀабиян. Рехсана гьез киридахъ дуца гьарурал хӀалтӀабиги.

ГӀезегӀанго ярагьунев чи мун вукӀин бичӀчӀинабидал, бокьана росдал бетӀер гӀадаб хӀурматияб ва гьебго заманалда жавабчилъи цӀикӀкӀараб хъулухъ дуда баркизе. Гьарула чорхое щулияб сахлъи, хӀалтӀулъ кӀвахӀ гьечӀеб бажари ва росдал тӀолалго гӀадамазулгун щулияб, божараб гъудуллъи.

Вореха, гӀарцухъ намус бичизе лъугьунге. Гьелъ мун кӀодо гьавуларо. Дуца гьабураб лъикӀабги квешабги дунялалдаги абадияб рукъобги ва къиямасеб къояльги дуда цадахъ букӀинесеб хӀакъаб буго. АллагьаС тавпикъ кьейги дуе ритӀухълъи ва рацӀцӀалъи цӀунун хӀалтӀизе.

Росдал бетӀерасул бакӀида кӀусарабго дур пикру хӀалтӀизе ккола сундасандай байбихьилеб, цебе щибдай гьабилеб, нахъа гьабизе щибдай телеб абураб суалалда тӀад.

Гьениб жаваб батизе дуе кумек гьабизе буго программа-планалъ. Гьеб гьечӀеб бакӀалда хӀалтӀи дурусаб букӀунаро ва хадуб хъаравуллъи гьабизе захӀмалъула.

Дур ва росдал депутатазул пикру хӀалтӀизабизе ккола росулъ жанибги,сверухъги гьаризе кколел хӀалтӀабазе. Гьел гӀемерал руго, хасго гьаричӀого нахъе тӀамун тезе бегьуларел.

Бокьун буго цо-цоял цӀарал ккун рехсезе. Масала, киназего баянаб жо буго росулъ ва сверухъ бугеб ракь нилъер буголъи ва бечелъи кколелъи. Гьединлъидал гьеб кинабго хӀалтӀизе ккола росдал бюджет бечед гьабиялъе ва гьелъул кумекалдалъун росу берцин гьабиялъеги ва росулъ гӀумру гьабулелщиназул рукӀа-рахъиналъулал тӀалабал тӀуразариялъеги.

Нужеда лъазе ккола ГӀачӀабалда ва росулъ ругел ганчӀил карьерааз, росу сверун ругел гӀалахазул ракъаз кинал доходал къезе бегьулел росдал бюджеталъе.

Дицани абилаан дуца хӀалтӀи байбихьизе лъикӀ букӀинин гьединал суалазул рахъалъ программа гӀуцӀиялдасан ва гьеб росдал жамагӀаталдагун депутатазда гьоркьоб лъеялдасан. Гьеб гӀуцӀиялъулъ гӀахьал гьаризе ккола росдал гӀакълу, къимат, хӀалбихьи бугел гӀадамал. Программа къабул гьабун хадуб, печаталдасан, телевидениялдасан загьир гьабизе ккола киназего. Гьеб программаялъ дуе кумек гьабизе буго росулъ битӀун хӀалтӀи гӀуцӀизеги, дудасанго байбихьун, щивав хӀалтӀизавизеги. Дургоги ва администрациялъул аппаратальулги хӀалтӀи букӀине ккола киназего загьираб.

Росдал кӀудияб лъим хӀалтӀизе ккола, умумузул заманалда гӀадин, Себарда гьоркьехун 7-8 бакӀалдаса лъим чвахуледухъ.

Росдал ах-хур хӀалтӀизабиялъе ва цӀиял ахал, хасго цӀибил чӀеялъе тадбирал гьаризе ккола.

Росулъ лъим букӀине ккола иццул. Цебе умумузул заманалда «Хандасу» букӀараб лъел гъуй чӀаго гьабизе ккола.

ТӀадчӀарал тадбирал гьаризе ккола росдал гӀадамазул боцӀи, умумузул заманалдаго гӀадин, тӀадаб къагӀидаялда, рохьдолъе къотӀиялъе. Гьелъие рохьдохъан валагьизе ккола, гьев разияб къадаралда мухьги къун. Жидерго боцӀи рикӀкӀун гьеб мухь бетӀергьабаз щвезабулеб бакӀ букӀинабизе ккола, хадуб рохьдохъанасухъе кьеялъе. Нагагь рохьдохъан щвечӀони иргаялда боцӀул бетӀергьаби унеб къагӀида хӀалтӀизабизе лъикӀ буго.

Росдал магъилъа, лъил ратаниги батӀалъи гьечӀо, боцӀи ва фермаби нахъе рачахъизе ккола. Гьел рукӀине ккола гӀалахалда гӀуцӀарал хасал бакӀазда.

Болъихъ росдал ракьалда, сверухъ росабазул гӀадамаз ран руго минаби ва цогидал объектал. Жидеца гьел балъхъадерихъан ричун росарал, яги совет хӀукуматалъул заманалда росдал Советалъ, яги колхозалъ къурал ругинги абун. Гьениб хӀалтӀизабуни лъикӀ буго гьединал гӀадамазухъан росдал бюджеталде, ракьулаб рента хӀисабалда, гӀарцал рачӀунеб къагӀида.

Росдал ракьалда щиб стройка батаниги, гьениса росдал Советалъул бюджеталде магъало бачӀине ккола.

Диналъул вац, Камалудин, росдада цере чӀаралги пачалихъалъ цере лъуралги масъалаби руго тӀуразаризе кколел. Гьел тӀуразариялде росдал гӀадамал рахъинариялъе гьабулеб, хӀалтӀульги АллагьаС квербакъаги дуе. Амин!

ГӀезегӀанго соназде вахарав чи дун вугониги, дуца тӀадкъараб жо тӀубазабизе дун хӀадурав вуго.

## БАРКУЛА ШАПАКЪАТ!



Дагъистан Республикаялъул Налогазулаб хъулухъалъул нухмалъулев нилъер районалъул ГӀанди росулъа ГӀумахан Алхасович ЖабрагӀилов мустахӀикълъана Россиялъул ХӀукуматалъул тӀадегӀанаб шапакъаталъе.

ГӀемерсоназулаб ракӀбацӀцӀадаб хӀалтӀуе гӀоло ГӀумаханил каранда кенчӀана Гъудуллъиялъул орден.

РакӀ-ракӀалъ баркула ГӀ.ЖабрагӀиловасда шапакъат ва гьарула хадурккунги хӀалтӀулъ бергьенлъаби,гӀумрудулъ талихӀ,рохел,икъбал ва рокъоб баракат.

## БАРАКАТАБ БАТАГИ!



Гьал къоязда, ДРялъул Сахлъи цӀуниялъул министерствоялда тӀобитӀараб конкурсалда бергьарав,Болъихъ росулъев МухӀамадкамиль Шагьрудинов тӀамуна районалъул сахлъи цӀуниялъул цолъиялъул бетӀерав тохтурлъун.

Гьеб тӀадегӀанаб хъулухъалде щвезегӀан, гӀадамазе ракӀбацӀцӀадго хъулухъ гьабулаго, гӀемерал болъаби рахана МухӀамадкамилица.

1977 соналда бергьенлъиялда ДагъистаналЪул мединститут лъугӀинабурав гьес хӀалтӀизе байбихьула Чувашиялъул Алатыр шагьаралъул централияб больницаялъул хирурглъиялдасан. Гьенивго 8 сонаЛъ хӀалтӀула хирургическияб отделениялъул заведующийлъун.

1986 соналда вачӀуна районалде. ВачӀинахъего тӀамула районалъул больницаялъул бетӀерав тохтурасул заместительлъун. Гьенив хӀалтӀулаго гӀемераб пайдаяб хӀалтӀи гьабуна районалъул медицина цебетӀезабиялъе. Гьелъие гӀоло 1992 соналда гьесие кьола «ТӀадегӀанаб категориялъул хирург» абураб хӀурматияб цӀар.

1999 соналъул августалъулал къоязда, халкъазда гьоркьосел хъачагъаз лъукъарал районалъул ополченцазулгун федералиял аскариязул гӀумру хвасар гьабиялъулъ бихьизабураб хӀаракатчилъиялъеги ва тӀадегӀанаб махщелалъеги гӀоло гьесул каранда бана «ВатӀаналда цеве мустахӀикълъиялъе гӀоло» абураб кӀиабилеб даражаялъул орден.

Гьелдаса хадуб гьесие кьола РФялъул «Бищунго лъикӀав тохтур-хирург» абураб тӀадегӀанаб цӀарги.

Жакъа районалъул медициналъе чара гьечӀого хӀажатав вукӀана гьединав нухмалъулев.

ГӀаданлъиги ритӀухълъиги хӀажалъулеб гьеб хъулухъ баркула МухӀамадкамил Шагьрудиновасда ва гьарула щулияб сахлъиги, хьизамалъулаб талихӀги ва киналго лъикӀалщинал къасдал тӀурайги!

# ВТБ МЕДИЦИНСКОЕ СТРАХОВАНИЕ ТФОМС

## на страже здоровья гражданина и прав пациента

В Конституции Российской Федерации закреплено право граждан на получение бесплатной, доступной, гарантированной медицинской помощи, оказанной в учреждениях здравоохранения. ***Закон РФ №326 от 29 ноября 2010 г «Об обязательном медицинском страховании граждан Российской Федерации»***,обеспечивает конституционное право граждан на получение доступной и качественной медицинской помощи, предоставляемой за счет средств ОМС в объеме и на условиях, соответствующих программам ОМС.

Согласно этому закону, застрахованные имеют право выбора не только лечебного учреждения и лечащего врача, но и страховой медицинской организации. «Закон усилил ответственность медицинских учреждений за некачественное оказание медпомощи, незаконное взимание денежных средств с гарантированных государством бесплатных медицинских услуг, отказ в оказании медицинской помощи и другие нарушения, прокомментировал ***Курбандибиров Хайбула Магомедович, руководитель территориального отдела страхования Ботлихского района филиала ВТБ Медицинское страхование.*** Закон создает условия, когда застрахованным по ОМС заинтересованы и страховая медицинская компания, и медицинская организация (лечебные учреждения). Пациенты теперь сами решают, где лучше лечиться-бесплатные медицинские услуги теперь можно получить и в частных медицинских организациях.

Основная идея нового закона ***- человек становится главным элементом системы ОМС.*** Права граждан в системе ОМС определены согласно ***«Программе государственных гарантий оказания РФ бесплатной медицинской помощи».*** На территории Ботлихского района права и законные интересы граждан защищает компания ВТБ Медицинское страхование. «Вы можете обращаться в страховую медицинскую организацию со всеми претензиями и жалобами на медицинское обеспечение, как при амбулаторном лечении, так и при стационарном лечении в районной больнице и при посещении указанных выше медицинских организаций рассказал Хайбула Курбандибиров, руководитель отдела ВТБ Медицинское страхование Ботлихского района. Хайбула Курбандибиров уточнил, что причинами для обращения в страховую компанию:

- отказ больному в выборе лечебного учреждения для прохождения обследования или лечения;
- -несогласие с организацией работы лечебного учреждения;
- несогласие с санитарно-гигиеническим состоянием медицинской организации;
- несогласие с качеством лечения, обследования и проводимыми процедурами;
- несогласие с лекарственным обеспечением;
- недовольство качеством и количеством питания при стационарном лечении;
- отказ в медицинской помощи;
- взимание денежных средств за медицинскую помощь по программам ОМС;
- несогласие сервисными услугами( отсутствие холодной и горячей воды, больничного белья, условия для кормления и т.д.);
- другие причины.

При обращении в лечебное учреждение гражданин **обязательно должен предъявить полис обязательного медицинского страхования.** Полис (медицинская страховка) подтверждает Ваше право на получение бесплатной медицинской помощи в медицинских организациях, входящих в систему ОМС. Медицинский полис действует на всей территории Российской Федерации и любой отказ в медицинской помощи недопустим. Полис является документом, подтверждающим, что оплату за оказанные медицинские услуги (операции, лечение, обследование и т.д.) осуществляет медицинская страховая компания.

***«При возникновении вопросов, связанных с качеством медобслуживания в медицинских организациях нашего района или при предложении заплатить за обследование и лечение, не спешите платить,-*** напоминает Хайбула Курбандибиров. ***Сначала позвоните в страховую компанию, уточните правомерность требований.*** Если Вы уже заплатили за услуги, сохраните любые документы, подтверждающие оплату, и обратитесь за консультацией в ВТБ Медицинское страхование.

Мы работаем в селе Ботлих, в здании центральной районной больницы. **Приходите. Мы всегда рады Вам помочь!.**

**АДМИНИСТРАЦИЯ ВТБ.**

# ИНФОРМАЦИЯ

Законодателем наряду с установлением уголовной ответственности за организацию незаконного вооруженного формирования или участия в нем , (ст. 208 УК РФ) предусмотрены и основания освобождения от нее.

Так, согласно примечанию к ст. 208 УК РФ лицо, добровольно прекратившее участие в незаконном вооруженном формировании и сдавшее оружие освобождается от уголовной ответственности, если в его действиях не содержится иного состава преступления.

В соответствии с. п. 30 постановления Пленума Верховного суда Российской Федерации от 09.02. 2012 № 1 «О некоторых вопросах судебной практики по уголовным делам о преступлениях террористической направленности» добровольность прекращения участия в незаконном вооруженном формировании заключается в прекращении участия в этом формировании по собственной воле лица при наличии у него объективной возможности продолжить такое участие.

Под лицами, сдавшими оружие, следует понимать участников незаконных вооруженных формирований( которые сдали органам власти имеющееся у них оружие либо указали места его·хранения.

Участник .незаконного вооруженного формирования, в силу возложенных на него обязанностей не обладающий оружием, может быть освобожден от уголовной ответственности на том основании, что он добровольно прекратил участие в незаконном вооруженном формировании и сообщил об этом органам власти .

Таким образом, лицо, которое добровольно прекратило участие в незаконном вооруженном формировании с соблюдением вышеуказанных условий, подлежит освобождению от уголовной ответственности.

**Министерство информации РД**

# Колонка прокурора

**Прокуратура района обратилась в суд в защиту малоимущих граждан о взыскании службы субсидий администрации МР «Ботлихский район» субсидий на приобретение жилищно-коммунальных услуг (ЖКУ).**

Прокуратурой Ботлихского района по обращению жителей Ботлихского района проведена проверка по факту неполучения денежных средств малоимущими гражданами в виде субсидий на приобретение жилищно-коммунальных услуг.

Согласно ч. 5 ст. 19 Федерального закона от 06.10.2003г. №131 «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» финансовое обеспечение отдельных государственных полномочий, переданных органам местного самоуправления, осуществляется только за счет предоставляемых местным бюджетам субвенций из соответствующих бюджетов.

Органы государственной власти Республики Дагестан обязаны своевременно и в полном объеме доводить до бюджетов муниципальных районов и городских округов Республики Дагестан (далее - местные бюджеты) субвенции на осуществление государственных полномочий (ч.2 ст.4 Закона РД)

Таким образом, предоставление субсидий на приобретение услуг ЖКХ является расходным обязательством Республики Дагестан и денежные средства, необходимые для выплаты субсидии истцам подлежать перечислению в бюджет МР «Ботлихский район».

По результатам проверки прокуратура района обратилась с исковым заявлением в суд в интересах неопределенного круга лиц, о взыскании с службы субсидий администрации МР «Ботлихский район» субсидии на приобретение жилищно-коммунальных услуг.

**Прокуратура района обратилась в суд о признании незаконным бездействие по обеспечению доступности для инвалидов по зрению к информации, размещенной на официальном сайте в сети Интернет (в порядке ст. 39 КАС РФ).**

По результатам рассмотрения Ботлихским районным судом удовлетворены 25 административных исковых заявлений прокурора района о признании незаконным бездействие по обеспечению доступности для инвалидов по зрению к информации, размещенной на официальном сайте в сети Интернет в интересах неопределенного круга лиц.

***И.О. прокурора района***
***юрист 2 класса***
***А.О. Азизов***

# ООО «ГАЗПРОМ МЕЖРЕГИОНГАЗ ПЯТИГОРСК»

## ИНФОРМАЦИЯ

Существенно ужесточена ответственность за несвоевременную оплату газа, а также за самовольное подключение к сетям газоснабжения

Новый федеральный закон № 307-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты РФ в связи с укреплением платежной дисциплины потребителей энергетических ресурсов» вносит существенные изменения в порядок начисления штрафных санкций (пеней) за просрочку оплаты природного газа и услуг по его транспортировке. Теперь штрафные санкции будут начисляться в зависимости от того, насколько потребители затягивают платежи по выставленным счетам. Пени будут высчитывать по принципу «чем дольше, тем дороже».

Для промышленных потребителей пеня составит 1/130 ставки рефинансирования ЦБ от невыплаченной в срок суммы за каждый день просрочки, начиная со следующего дня после дня наступления установленного срока оплаты по день фактической оплаты.

Для ТСЖ и ЖСК пени за несвоевременную оплату природного газа составят 1/300 ставки рефинансирования с 31 по 90 день просрочки и в размере 1/130 ставки рефинансирования с 91 дня просрочки.

Для УК и теплоснабжающих организаций - 1/300 ставки рефинансирования ЦБ с 1-го по 60-1 день просрочки, 1/170 ставки с 61-го по 90-й день просрочки и 1/130 ставки рефинансирования ЦБ с 91-го дня просрочки от невыплаченной в срок суммы за каждый день просрочки.

Для физических лиц при просрочке от 31 до 90 дней сохраняется размер действующих сейчас пеней – 1/300 ставки рефинансирования ЦБ РФ от невыплаченной в срок суммы за каждый день просрочки, с 91-го дня штрафы вырастут до 1/130.

Также введена административная ответственность для юридических лиц, нарушающих платежную дисциплину. На руководителя предприятия может быть наложен штраф от 40 до 100 тысяч рублей, либо дисквалификация от 2 до 3 лет. Штраф для юридического лица составит от 100 до 300 тысяч рублей.

Также новым законом в разы увеличены размеры штрафов за самовольное подключение к газовым сетям. Для граждан штраф составит от 10 до 15 тысяч вместо прежних 4 тысяч рублей. Для юридических лиц сумма штрафа увеличилась с 60-80 тысяч рублей до 100-200 тысяч рублей, для должностных лиц – с 6 - 8 тысяч рублей до 30-80 тысяч рублей, либо дисквалификация руководителя до 2 лет.

Кроме того ужесточается административная ответственность за нарушение потребителем введенного полного или частичного ограничения поставки газа, либо отказ руководителя юридического лица ввести самостоятельное ограничение потребление газа в связи с законным требованием поставщика. Штраф для юридических лиц составит от 100 до 200 тысяч рублей, для должностных лиц от 10 до 100 тысяч рублей, либо дисквалификация от 2 до 3 лет.

Помимо административной ответственности, самовольное подключение к системе газоснабжения – это основание для возбуждения уголовного дела по ст. 158 УК РФ, результатом которого могут стать серьезные санкции: от штрафа свыше 100 тысяч рублей до лишения свободы на срок до 6 лет.

Часть положений нового закона ступает в силу с 5 декабря 2015 года, часть с 1 января 2016 года.



**Рашид Умаханов, ответственный за контролем и реализацией газа потребителям Ботлихского района ООО «Газпром межрегионгаз Пятигорск» филиал в РД.**

**Справка:**

ООО «Газпром межрегионгаз Пятигорск»» входит в группу лиц ООО «Газпром межрегионгаз» (100% дочернее общество ОАО «Газпром») и является поставщиком природного газа ОАО «Газпром» на территории Кабардино-Балкарской республики, Карачаево-Черкесской республики, Республики Дагестан, Республики Ингушетия, Республики Северная Осетия – Алания. Компания осуществляет свою деятельность с 1 января 2007 года.

**ПРЕССЛУЖБА ООО «Газпром межрегионгаз Пятигорск» в Дагестане**

**Росстат в 2016 году проводит Сплошное федеральное статистическое наблюдение за деятельностью субъектов малого и среднего предпринимательства за 2015 год**

## ФЕДЕРАЛЬНАЯ СЛУЖБА ГОСУДАРСТВЕННОЙ СТАТИСТИКИ

В 2016 году в соответствии с Федеральным законом от 24.07.2007 г. № 209-ФЗ «О развитии малого и среднего предпринимательства в Российской Федерации» проводится **Сплошное федеральное статистическое наблюдение за деятельностью субъектов малого и среднего предпринимательства** по итогам их деятельности за 2015 год. В настоящее время этот сегмент экономики играет важнейшую роль в процессе выхода страны из кризиса, в улучшении ситуации на рынке труда, в программе импортозамещения. Содействие дальнейшему развитию потенциала малого и среднего предпринимательства, создание благоприятных условий для ведения бизнеса и поддержка предпринимательской инициативы являются одними из приоритетных направлений экономической политики государства. На едином Интернет-портале Росстата опубликовано обращение руководителя Федеральной службы государственной статистики А.Е. Суринова к руководителям предприятий и индивидуальным предпринимателям. В обращении отмечается важная роль малого бизнеса и подчеркивается, что государством предусматриваются меры по его поддержке. Вместе с тем А. Е. Суринов напоминает, что «разработка государственной стратегии развития малого и среднего бизнеса должна опираться на достоверные и полные статистические данные», которые станут ключевыми для реализации адресных государственных программ развития малого бизнеса и инвестиционных проектов. «**Участие бизнеса в Сплошном наблюдении – это возможность внести свой вклад в формирование государственной политики по поддержке предпринимательства**», – говорится в обращении руководителя Росстата. Сплошное наблюдение будет проводиться по специальным единовременным формам федерального статистического наблюдения № МП-сп «**Сведения об основных показателях деятельности малого предприятия за 2015 год**» и № 1-предприниматель «**Сведения о деятельности индивидуального предпринимателя за 2015 год**», утвержденных приказом Росстата от 9.06.2015 № 263.

**Малые и микропредприятия, а также индивидуальные предприниматели обязаны предоставить данные формы в органы статистики не позднее 1 апреля 2016 года.** Отличительной чертой малого бизнеса является мобильность. Встречаются случаи, когда указанные при регистрации адресные и контактные данные юридических лиц и предпринимателей не соответствуют фактическим. Это является основным препятствием при формировании списков участников статнаблюдения и доведении до них статинструментария. Предприниматели, сообщившие фактический адрес (свой личный или предприятия) по электронной почте или телефонам, окажут неоценимую помощь в решении данной проблемы. Вся актуальная информация по сплошному наблюдению размещена на официальном сайте Росстата www.gks.ru. Росстат гарантирует полную конфиденциальность данных, предоставленных участниками Сплошного наблюдения, а также исключает передачу сведений в налоговые и иные органы.

# ГIАДАМАЗУЛ ТIАЛАБ ГЬАБИ ХIУРМАТИЯБ ИШ



***Инвалидазегун пенсионеразе социалияб хъулухъ гьабулеб центр районалда хIалтIулелдаса чанго сон бугониги, гIемеразда лъалеб гьечIо гьеб централъ гьарулел хъулухъазда гьоркьоб щиб-щиб унебали. Гьебги цогидабги хIисабалдеги босун дун дандчIвана гьеб централъул директорасул ишал тIуралей Ханика МухIамаевагун.***

***-Ханика, цебе заманалда хIажалъи ккаразе социалияб хъулухъ гьабулел централги хIалтIулел рукIинчIелъул щиб хIалтIиха нужеца гьабизе кколеб?***

-БитIараб буго, церехун гьединал централ рагьун рукIинчIо. Нилъер районалда тIоцебе рагьана херазе, щокъазе, ресукъазе социалияб хъулухъ гьабулеб центр.

***-ТIоцебе нужер централда чан отделение хIалтIулеб букIараб?***

-Цебе херазе, щокъазе, язихъазе, социалияб хъулухъ гьабулеб кIиго отделение гурони рагьун букIинчIо.Кьойидаса-кьойиде гIатIилъун ва кIодолъун бачIана центрги, цIикIкIана гьелъ гьабулеб хIалтIиги.

***-Чан чи хIалтIулев вугев нужер централда?***

-Нижер централда хIалтIулев вуго кинавниги 203 чи. Руго гьезда гьоркьор жидеца социалияб хъулухъ гьабулел 147 чи. Буго хехаб социалияб кумекалъул центр. Гьез гурхIел-рахIмуялъул фондалдасаги, республикаялъул фондалдасаги бачIараб ретIел-хьит, бусадул къайи-цIа бикьула бищунго рес гьечIел хъизамазе. Буго нижер гIажизал лъималазе хъулухъ гьабулеб центрги.

***-Кинаб кумекха ресукъазе нужер централъ гьабулеб?***

-Араб соналдаги районалда ругел батIи-батIиял категориязул ресукъал гIадамазе кумек гьабуна. Бергьенлъиялъул къоялъ рагъул гIахьалчагIазеги гьарулел рукIана рес рекъарал сайгъатал, гьединго кумекал гьарула рагъда россал тIагIарал хъизаназеги.

***-ЦохIо нужер центр гурони гьечIищ гьединал ресукъазе кумек гьабулел идараби яги спонсорал?***

-Руго. Камуларо. Масала, рагъул ветеранazегун, россаби рагъда чIваразул хъизаназе санайилго кумек гьабула «Комокс» ОООялъул нухмалъулев М. ГIабдурашидовас.

***-Ханика, нужер буго баркалаги кириги щолеб хIалтIи. Гьединаб хIалтIуда ругел гIадамалги ракIбацIцIадал херазда, щокъазда гурхIел бугел рукIине ккелаха.***

-ЦIакъ битIараб суал. Дица коллективалда кидаго абулеб жо буго, нужеца хIалтIи гьабейин гIарцуе гIоло гуреб, Аллагьасе гIолойин.

***-Коллективалда рецц-бакъалъе мустахIикъал хIалтIухъаби ругищ?***

-Коллективалда гьорлъ гьединал гIадамалги ричIчIуларел цогIаги гьечIо. Дунги, социалияб хъулухъ гьабулел херал ва янгъизал гIадамалги цIакъго рази руго социалияб хъулухъ гьабиялъул отделениялъул заведующая ГIабдурашидова ХIабиятидаса, Шагьрудинова ПатIиматидаса, АхIмадулаева Назиратидаса, психологал - ТIалхIатова Заирадаса ва ГIабдулкъадирова ПатIиматидасан.

Рагъулги захIматалъулги ветераназе, бесдалазе кумек гьабизе кIудияб квербакъи гьабула районалъул администрациялъги.

Районалъул администрациялъги кIвар кьолеб буго лъимал гIемерал хъизаназе кумек гьабиялде, гьезул социалиялгун материалиял шартIал лъикIлъизариялда сверухъ жидерго кьойилаб хъаравуллъи чIезабизе.

**П. ДИБИРОВА.**

**ЦIУНЕ, РОХЬАЛ!**

## ЁЛКА КЪОТIАРАСДА ТIАД ГIАКIА ЛЪЕЗЕ БУГО



18-20 –го къо хутIана гьаб сон лъугIинеги цIияб 2016 сон тIаде щвезеги. Гьелъул хIасилалда лесничествоялъул хIалтIухъабаз лъазабулеб буго. ЦIияб сон гьабулел абун, рохьосан гIисинал гьутIби (елкаби) къотIизе бегьуларилан ва тIабигIат цIунизе кколилан.

Пачалихъалъул хIукмуялда рекъон ( 273 от 08.05.2007 с.) цо гьитIинаб накIкIил рохьил гьветI къотIанани 12 см. биццалъиялде бахинегIан гIакIа тIад лъезе бихьизабун буго 2272 гъур. гIарац. Хасго гьаб декабрь-январь моцIалъ.

Гьелъго бицунеб буго хIукуматалъ кинаб кIвар кьолеб бугеб тIабигIат цIуниялда хадуб. Гьелъ гьарулеб буго цоги нухалъ живго лъикIав лъугьун рохьореги ун гIисинал гьутIби къотIугеян.

18 абилеб декабралдасан – 31 абилеб декабралде щвезегIан букIине буго ххал гьаби полициялъул ва лесничествоялъул хIалтIухъабазул къуваталдалъун районалда, росабалъ ва милициялъул постазда

Кодоб документ, ихтияр гьечIого елка къотIун ватарав чиясда тIад дело гьабизе буго ва тIадехун рехсараб гIакIаги бахъизе буго.

ЦIуне нилъер бечелъилъун кколеб тIабигIат - рохьал. Рохьал инсанасе, ракьалъе, лъалъималъе, рохьил азарго батIиял рухIчIаголъиялъе гьечIого гIоларо.

**М. МУХIАМАДХIАЖИЕВ**

***Болъихъ лесничествоялъул заместитель***

## ДЕРБИШЕВ ГIУМАР



**МАГIУ**

**Гьаб магIу ккола, гIумру гьабун Донецк шагьаралда вукIарав, Шодрода росулъа, Дербишев ГIумарие къадар щведал хъвараб.**

Уяб жо бугодай, бачIараб ругьел,
ГIумарие къадар щванилан абун?
Божизе кIоларо кьогIаб харбида,
Дуца берал къанщун, дунял танилан.

ГIодилей лъади тун, угьдилев вас тун,
Щай мун гIедегIарав, ракьул чохьонив?
РецIцIулел яцал тун, гIагарлъи рехун,
Дуца гьабураб щиб, бице, цо ГIумар.

ЦIияб сонaлде мун тIаде щвелилан
Гурищ вац ГIумар дур къотIи букIараб.
ГьедигIан чучараб рагIи щай кьураб,
Кьураб рагIи ккезе кколеб лъаларищ?

Дур тIулил яцазул гьаракь къун буго,
ГIемер дуда хадур хачадун ГIумар.
ТIолабго гIагарлъи гIодоб чIван буго,
Дуца гьабун тараб тохаб иш бихьун.

Рагъул кор боркьараб Украиналда
Хъачагъаз чIвачIелъул, алхIамдулилагь.
Хъизанги ва васги хьолбохъ эхетун,
Рокьоб хвел щварабги рецц Аллагьасе.

Васалги, вацалги, улбулги гьечIел,
ГьечIелъул ракьалда щивниги инсан.
ГьитIинго эбел хун, бухIи бихьарай,
ЦIакъ ракI хвана ГIумар дуда хадуб дир.

Мун Дагъистаналде кьеларин абун
Кьварун лъазабурав вас, дур бихьинчи.
Хоб гьаниб бокьилин жидеейилан
Аби гIеларебищ гIурус ясалъе.

ТIабигIат берцинав, калам гьуинав,
Мун къаникье кьокьин захIмалъун буго.
РекIел тIиналдаса кьватIир рачIарал,
Гьал рагIаби хъварай, дунги нужер нус.

**ПатIимат Муъминова,**
***Хунзахъ район,***
***Гъоркькоrо росу.***


**Газета гIуцIарал:**
*Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив*

**Учредители:**
Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

***БетIерав редактор***
***ГI. ГIумаханов***

***Редакторасул заместитель***
**А. Агъларов**

***Жавабияй секретарь***
**З.ГIумарова**
***Отделалъул редакторал***
**Ш. Лабазанов**
**П. Дибирова**

**ГЬУДУЛЛЪИ**
***Тираж 1000***

**Мухбирзаби**
***З.МухIамадова/М.ГIумаханова***

**Наборщица** П. Эльдарова
**Фотокорр.** *Ш.Муртазалиев*
**Дизайнер** А. Назирбекова
**Программист** А. Ибрагьимова

***Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.***

***Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6***

***Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614***

***Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.***

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*